

## KISA POU M FÈ POU MWEN PRÈ?

- ✓ Rasanble yon Valiz Vwayaj ak papye Idantite yo, papye enpòtan, medikaman ki nan bwat ki genyen etikèt, ak enfòmasyon kontak enpòtan yo (telefòn pòtab kapab pa mache nan katastwòf la). Kenbe valiz vwayaj ou an toujou prè.
- ✓ Fè yon **Plan Fanmi** ale sou [www.ready.gov](http://www.ready.gov) pou jwenn lis kontwòl epi gid sou preparasyon. Plan ou an dwe idantifye wout evakyasyon ak kote pou rete.
- ✓ Fè **Plan pou Bèt domestik ou yo** anvan ijans epi mande yon lidè ijans lokal sou akèy pou bèt domestik. Yo kapab aksepte yon bèt domestik ki fèk vaksine kont raj nan akèy yo. Pou plis konsèy, vizite: <https://animalemergency.nj.gov>
- ✓ Anrejistre nan yon Sistèm Alèt Piblik nan kominote ou (egzanp Reverse 911, Swift911, NJ 2-1-1, Nixle) gras ak konte ou an oswa Biro Jesyon Ijans lokal lan. Ekri "ReadyNJ" nan 898-211 pou jwen mesaj alèt sou kòman pou prepare pou ijans epi rete enfòme pandan pwochen katastwòf la.
- ✓ Avèti founisè kouran elektrik ou an Si ou genyen yo ekipman medikal ki bezwen kouran.
- ✓ Vizite [ready.nj.gov](http://ready.nj.gov) jodiya pou ou pi byen prepare w pou katastwòf lokal yo.



*Premye etap nan preparasyon sityasyon ijans pou patikilye ki kapab bezwen asistans nan yon katastwòf.*



***Anrejistre jodiya-  
prepare pou demen!***

[www.registerready.nj.gov](http://www.registerready.nj.gov)

*Anvigè 10/8/19*


## KISA KI SÈVIS ANREJISTRE (REGISTER READY)?

Register Ready se yon baz done gratis, sekirize, benevòl

to

help emergency managers and first responders plan for and support moun andikape epi ki bezwen konfò epi bezwen fonksyonèl yo (disabilities and access and functional needs DAFN) ki bezwen asistans nan sityasyon kote ki genyen yon katastwòf.

Nou ankouraje w anrejistre tèt ou (oswa ankouraje yon moun ki pale nan non w) si ou soufri yon enfimite fizik, mantal, entelektyèl oswa konpòtmantal, baryè nan lang, oswa pwoblèm deplasman ki ta kapab anpeche w abrite w ak sekirite oswa kite kote a nan moman katastwòf la.



### Register Ready se:

- ⇒ **Gratis**
- ⇒ **Benevòl**
- ⇒ **Sekirize epi konfidansyèl**
- ⇒ **Pwoteje vi prive ou**
- ⇒ **Jeran ijans yo itilize l pou planifye sou enkyetid DAFN yo**

## KIYÈS KI TA DWE ANREJISTRE?

Abitan pèmanan epi okazyonèl ak DAFN NJ yo ki ta kapab bezwen èd pou kite kote yo ye an, abrite yo yon kote oswa nan yon refij piblik, oswa ki bezwen asistans ijans dwe anrejistre. Patikilye ki genyen yon andikap pwovizwa, tankou yon gwosès riske oswa lòt kondisyon medikal grav, kapab anrejistre.



**Pa trennen,  
Anrejistre  
jodiya!!**

## KIJAN MWEN KAPAB ANREJISTRE?

- ◇ Ale sou: [www.registerready.nj.gov](http://www.registerready.nj.gov)
- ◇ Telefòn 2-1-1 (nan NJ), oswa 877-652-1148 gratis (TTY/ TDD epi sèvis tratiksyon disponib)
- ◇ Kontakte Biwo Jesyon Ijans Konte ou an
- ◇ Kontakte Sant pou Viv Endepandan lokal ou an (Centers for Independent Living)

**Mete  
enfòmasyon  
ou yo ajou  
omwens chak  
ane.**



## KIYÈS KI WÈ ENFÒMASYON MWEN YO?

Register Ready soumèt li ak tout lwa ki pwoteje vi prive w ak enfòmasyon pèsònèl ou yo. Kominote jesyon ijans lan, ki genyen ladan li responsab sante piblik ak premye sekouris yo, genyen aksè ak Register Ready pou planifye epi kowòdone.



## KÒMAN YO UTILIZE DONE MWEN YO?

Kominote yo itilize Register Ready nan divès fason. Jesyonè ijans yo ak pèsònèl konfyans kapab itilize enfòmasyon pou planifye, voye mesaj piblik, asiste nan evakyasyon, epi sipòte nan ebèjman ak retablisman apre katastwòf. Apre ou fin arejistre, kontakte Biwo Jerans Ijans lokal ou an pou aprann plis sou kòman ekip pèsònèl la itilize Register Ready ak sa ou kapab fè pou amelyore pwòp preparasyon pa OU.

**Pou yon danje lanmò, pa  
rete tann èd - rele 9-1-1.**